

ASOSYASYON VIKTIM MASAK RABOTO YO RABOTO/GONAYIV

Pòtoprens, samdi 25 jiyè 2020

Envitasyon pou laprès

Asosyasyon Viktim Masak Raboto yo wete chapo l byen ba pou salye sal nouvèl la e pwofite okazyon sa pou envite yon jounalis nan sal nouvèl la vin kouvri yon konferans pou laprès nan lokal Lise Jean Robert Cius la, demen dimanch 26 jiyè 2020 an, apati 4 trè nan aprè midi.

Objektif Konferans pou laprès sa, se pou Asosyasyon Viktim Masak Raboto yo egjije arestasyon epi jijman tout kriminel ki te kondane pou travo fòse pa kontimas nan kad pwosè masak raboto a, espesyalman kriminel Emmanuel Toto Constant ak Jean Robert Gabriel, Jovenel MOISE nonmen Asistan Chèf Deta Majò swadizan Lame d Ayiti l remobilize a.

Asosyasyon Viktim Masak Raboto yo voye yon chay salitasyon pou tout près la epi l konte sou prezans jounalis yo.

Fritz DESIR

Pòt Pawòl Asosyasyon Viktim Masak Raboto yo